# «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫН ОҚЫТЫЎ АРҚАЛЫ ТӘЛИМ-ТӘРБИЯНЫҢ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИН АРТТЫРЫЎДА ОҚЫТЫЎ ФОРМАЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ

(Конференция ҳәм пикирлесиў-диспут сабағы формалары мысалында)

**Е.К.Алламбергенов -** *еркин излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педогогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** «Шарияр» достони, таълим-тарбиявий қарашлар, этнопедагогика, достон, ўқитиш технологиялари, инновацион технология, ўқитиш шакллари, диспут дарси.

**Ключевые слова:** дастан о «Шарияре», образовательные взгляды в эпосе, этнопедагогика, эпос, технологии обучения, инновационные технологии, формы обучения, урок дебатов.

**Key words:** Epic "Shariyar" epos, educational upbringing, views, ethnopedagogy, epos, teaching technologies, innovative technologies, teaching forms, debate lesson.

Дүньяда тәлим-тәрбиялық пикирлердиң раўажланыўын изертлеў бойынша бир қатар, соннан, төмендеги тийкарғы бағдарларда изертлеўлер алып барылмақта: а) педагогикалық пикирлердиң орайласқан ҳәм өзине тән өзгешеликлерин анықластырыў; б)инновациялық технологияларды изертлеўде тарийхый тәжирийбеге сүйениў ҳәм миллий тийкарларды ислеп шығыў.

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы бойынша С.Ахметов[3], К.Алламбергенов, Ә.Пахратдинов [2], З.Айжанова [1], Қ.Юсупов [6], К.Палымбетов [4] ҳәм тағы басқалар сабақлық, оқыў-методикалық қолланбаларында, изертлеў жумысларында мектеп, академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлеринде оқытыўдың машқалалары ҳаққында пикирлерин билдирген. «Шәрияр» дәстанын оқытыў барысында әдебиятшы муғаллим сабақ түрлерин ҳәр қыйлы усылларда қолланады. Бул мәселе бойынша С.Ахметов, Ә.Пахратдинов, Қ.Юсупов ҳәм тағы басқа алымлардың пикирлери бар. Методист алымлардың көрсетиўинше, муғаллимге 7-класста «Шәрияр» дәстанын өтиў онша қыйыншылық келтирмейди. Себеби, онда оқыўшылар дәстанның идеялық мазмунына түсиниўине мүмкиншилик беретуғын бурыннан киятырған әдебий курстың традициясы бар» [3:124]. «Шәрияр» дәстанын оқытылыў бойынша проф.Ә.Пахратдиновтың: «…қарақалпақ әдебиятының муғаллими класста «Шәрияр» дәстанын өтиўге тийисли деп есаплайық. «Шәрияр» дәстанын ең әўели қарақалпақ әдебияты муғаллиминиң өзи оқып көрсетиўи керек. Муғаллим мүмкиншилиги болғанша жай қылып, әдебийлестирип оқыўы керек. Усы ўақытта техникалық қураллардың жәрдеми менен дәстанлардың жыраўлар менен де, бақсылар менен де атқарылатуғынлықларын көрсетиўи керек» [3:74] деген пикирине қосылыўға болады. Өйткени, ҳәрбир сабақ көрсетпели қурал арқалы түсиндирилиўи тийис. Және де усындай жетик пикирлер қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасын изертлеўши К.Юсуповтың методикалық мийнетлеринде де ушырасады. Оның: «Оқыўшыларға сабақ барысында аўызеки дөретпелерин жанрларға бөлиў мәселелерин айтып өтиў зәрүрли. Бағдарламада берилген «Аўызеки халық дөретпелери ҳаққында түсиник» деген теманы түсиндириў ушын ең дәслеп қарақалпақ фольклорының жыйналыўы, изертлениўи, оларды түрлерге ажыратыў мәселелери ҳаққында айтып өтиў тийис» [6.7] деген пикирлери жүдә орынлы. Бунның пайдалы тәрепин еки түрли бағдарда түсиндириў мүмкин. Бириншиден, оқыўшыларға қарақалпақ фольклорының жыйналыў тарийхын ҳәм изертлениўин түсиндириў керекли методикалық мәселелерден есапланып, олардың сабаққа қызығыўшылығын арттырып, тәлим-тәрбиялық қәсийетлерин жетилистиреди. Екиншиден, қарақалпақ фольклорын түрлерге ажыратып, ертек, дәстан, дәстанның түрлери ҳаққында түсиник бериў оқыўшылардың теориялық ой-пикирлерин тереңлестирип барады.

«Шәрияр» дәстанын оқытыўда сабақ оқытыў процесин шөлкемлестириўдиң тийкарғы түри сыпатында оқытыў машқалаларының ўазыйпаларын белгилеп алыў зәрүр. Сол сыяқлы дәстанды оқытыўда сабақтың сапалы ҳәм нәтийжели болыўы ушын мына методикалық талапларды сақлаўға байланыслы болады:

- «Шәрияр» дәстаны бойынша оқыўшыларға арналған сабақ мәмлекетлик билимлендириў стандарты ҳәм оқыў бағдарламасына муўапық болып, оқыўшыларды билим ҳәм көнликпелер системасы менен қуралландырылады;
- Мәмлекетлик билимлендириў стандарты ҳәм оқыў бағдарламасына муўапық сабақтың мақсети ҳәм ўазыйпалары, ондағы баслы ҳәм екинши дәрежели мәселелер анық белгиленеди;
- Сабақ оқытыўда билим бериўшилик, тәрбиялық ҳәм раўажландырыў мақсети ҳәм олардың бирлиги сақланыўы керек;
- «Шәрияр» дәстанын оқытыў барысында оқыўшыларды улыўма инсаныйлық ҳәм миллий қәдириятлар руўхында тәрбиялаўға, олардың санасына миллий идея менен ғәрезсизлик идеялогиясын сиңдириўге қаратылыўы керек;
- «Шәрияр» дәстанын оқытыў арқалы халқымыздың тарийхын түсиндирип, оқыўшылар санасына өз ўатаны, халқы ушын мақтаныш сезимин қәлиплестириў керек.

Сондай-ақ, сабақ барысында ҳәрбир оқыўшыға жеке қатнасықта болыў, уқыплы, талантлы ҳәм төмен үлгеретуғын оқыўшылар менен жеке ислесиўди тәмийинлеў, жасларды билимди өзбетинше излеп табыўға, билимди өзбетинше ийелеўге әдетлендириў, сабақ барысында оқыўшыларда еркин пикирлеўди, ой-өриси менен уқыплылығын раўажландырыў зәрүр.

Сабақтың түрлери қандай болса, олардың дүзилиси соған сәйкес дүзиледи. Ҳәрбир сабақтың дүзилиси сабақтың мақсетине, дидактикалық ўазыйпаларына, қолланылатуғын методлар менен көрсетпели, техникалық қуралларға, оқыўшылардың жас ҳәм жеке өзгешеликлерине, сабақларда қандай педагогикалық технологияны қолланыўға, өткерилетуғын орынға ҳәм әдебиятшы муғаллимниң шеберлигине байланыслы белгиленеди. Олардың айырым басқышлары кеңейиўи де, ямаса тарайыўы да, қолланылатуғын оқытыў усыллары, қураллары ҳәм методларының орынлары менен хызмети өзгериўи мүмкин. «Шәрияр» дәстанын ҳәзирги заман сабақ түрлери менен оқытыў ҳәм олардың дүзилислерин жаңаша ислеп шығыў миллий педагогиканың баслы ўазыйпаларына киреди.

«Шәрияр» дәстанын оқытыўда сабақтан басқа түрлери: оқыў саяхаты, семинар, әмелият, факултатив сабақ, сабақтан тыс жумыслар менен үйренилсе де болады. Сабақларда оқытыўшылардың искерлигин жолға қойыў ҳәм оны пайдаланыў, заманагөй информациялық ҳәм жаңа педагогикалық технологиялардан пайдаланыў, сабақтың тәсирлигин ҳәм сапасын асырыў мәселелери туўралы методикалық пикирлер жүргиземиз.

«Шәрияр» дәстанын оқытыўға арналған сабақларда оқыўшылар менен ислесиўдиң түрли формаларынан пайдаланыў мүмкиншиликлери белгили. Сондай-ақ топар менен ҳәрбир оқыўшы менен ислесиў муғаллимнен шеберлик талап етеди. Сабақты оқытыў

барысында ҳәр түрли сабақлардан пайдаланыў өтилетуғын материаллардың нәтийжелигин ҳәм сапасын арттырып барады. Оқыўшылардың сабаққа болған қызығыўшылығы күшейеди. Солай екен, бүгинги күни сабақты шөлкемлестириўде қойылатуғын тийкарғы талаплардың бири – бул ҳәр бир өтилетуғын таза теманың илимий мағлыўматларға тийкарланған болыўы ҳәм оқыўшылардың имканиятын есапқа алған ҳалда теманың көлемин белгилеў, оның қурамалығын анықлаў, сабақта керек болатуғын материалларды белгилеў ҳәм қосымша көргизбели қураллар менен байытыў, және де сабақта машқалалы шараятты жаратыў болып табылады.

«Шәрияр» дәстанын жаңа билим бериў сабақлары: конференция, диспут сабақ түрлери менен оқытыў ең әҳмийетли методикалық мәселелерден есапланады. Солардың ишинде конференция сабағының методикасына тоқтағанды мақул таптық.

Конференция сабағы ҳаққында методист Қ.Юсупов: «Конференция сабағы класста ҳәм класстан тыс өтилетуғын сабақтың бир түри. Материалларды конференция сабағы арқалы мына мақсетлерде үйренемиз. Өтилетуғын материал ҳаққында түсиник, материалды үйрениўде илимий-теориялық мийнетлерди тереңнен билиў, материалды үйрениўде оқыўшылардың темаға түсинигин раўажландырыў»[7] деп конференция сабағының мақсетин ҳәм ўазыйпаларын орынлы ашып көрсеткен. Демек, конференция сабағы оқыўшылардың қызығыўшылығы есапқа алынған ҳалда өтилетуғын сабақтың түри. Бул сабақ түрин «Шәрияр» дәстанын оқытыў барысында пайдалансақ мақсетке муўапық болады. Екиншиден, оқыўшылар «Шәрияр» дәстаны менен толық танысып алады. Усыларды есапқа алған ҳалда усы тема әтирапында конференция сабағын пайдалансақ оқыўшыларда қызығыўшылық ҳәм темаға түсиниги арта баслайды. Конференция сабағын шөлкемлестириў әдебиятшы муғаллим тәрепинен әмелге асырылады. Муғаллим «Шәрияр» дәстанының идеялық, жанрлық бағдарын, сюжети, образлары бойынша түсиник береди. Кеминде бир ҳәпте бурын оқыўшыларға төмендеги темалар баянат ушын бөлистириледи:

1. «Шәрияр» дәстанын тематикасы ҳәм раўажланыў бағдары.
2. « Шәрияр » дәстанының тәрбиялық әҳмийети.
3. «Шәрияр» дәстанында тарийхый шынлықтың сүўретлениўи.
4. «Шәрияр» дәстанында әдилликтиң жырланыўы.
5. «Шәрияр» дәстанының изертлениўи.
6. «Шәрияр» дәстанының көркемлиги.

Муғаллим конференция сабағын басламастан алдын оқыўшылардың таярлығын көрип шығады. Бурын ҳәрбир баянатшыға еки пикир билдириўшилер бекитилип қойылады. Олардың ўазыйпасы ҳәрбир баянаттың мазмуны ҳәм сапалылығына итибар береди. Сабақ басланғаннан соң баянатшылардың темалары оқып еситтириледи. Баянатты оқыў ушын кем дегенде 6 минут ўақыт белгиленеди. Шығып сөйлеўшилер ушын 3 минут ўақыт ажыратылады. Сонда 6 баянат ушын 36 минут кетеди. 12 шығып сөйлеўшиге 3 минуттан 36 минут жумсалады. 72 минут ишинде шығып сөйлеўшилер ҳәм пикир билдириўшилер өз көз қарасларын билдирип, сабақты жуўмақлаўға 8 минут ўақыт бериледи. Бунда әдебиятшы муғаллим сабақтың нәтийжелерин айтып өтеди. Ҳәрбир баянатшыға тийисли баҳа бериледи. Шығып сөйлеўшилерге де баҳалар қойылады.

Ҳәрбир баянатшының шығып сөйлеген сөзлеринен мысаллар келтирип өтейик.

**Биринши баянатшының сөзи:** Дәстан қыялый ертеклер менен жақын. Сонлықтан «Шәрияр» дәстанында реалистлик мотивлер менен бир қатарда ертеклик, мифологиялық сюжетлер менен образлар, сюжет элементлери басым келип отырады. Бул шығарманың көркем-поэтикалық қурылысын тәмийинлеў менен бирге, оқыўшыларымызда жоқары эстетикалық талғамды қәлиплестириўге хызмет етиўи менен баҳалы. Бул сыпатлар дөретпениң тәсиршеңлигин, эстетикалық заўық бағышлаўын тәмийинлеп турады.

**Биринши баянатшыға пикир билдириўши:** Бул баянатта дәстанның идеялық мазмунына шолыў жасалмаған. Улыўма, баянат жақсы жазылған деп есаплайман**.**

Усы формада бирнеше шығып сөйлеўшилер өзлериниң сын пикирлерин билдирип барады. Бул усыл, бир жағынан, оқыўшыларды баянат жазыўға дөретиўшилик пенен қатнас жасаўға үйретсе, екинши жағынан, оқыўшыларда жуўапкершилик күшейтип сабаққа таярлықты, қызығыўшылықты арттырып барады. Және де баянатшылардың ҳәм шығып сөйлеўшилердиң сөзлеринен үзиндилер келтирип өтейик:

**Екинши баянатшының сөзи:** «Шәрияр» дәстанының тәрбиялық әҳмийети ҳаққында айтып өтеди.

**Екинши баянатшыға пикир билдириўши:** Баянатшы «Шәрияр» дәстанының тәрбиялық әҳмийети бойынша жақсы пикир билдирип, шығып сөйледи. Бирақ, көркем идеялар, қосық қатарларындағы тәрбиялық әҳмийети жетерли айтылмады. Дәстаннан үзиндилер аз келтирилген. Баянатта жаңалық аз.

**Үшинши баянатшының сөзи:** «Шәрияр» дәстанында тарийхый шынлықтың сүўретлениўи. Бул дөретпеде тарийхый ўақыялар өзиниң реалистлик сүўретлеў орнын таба алған. Сондай-ақ, дөретпеде ўатанды қорғаў идеясы, адамгершилик, ҳадаллық, мәселелери жырланады.

**Үшинши баянатшыға пикир билдириўши:** Баянатты жазыў барысында тарийхый шынлық емес, турмыс шынлығы ашып берилгенде, оны мақсетке муўапық жоқары дәрежеде жазылған деп баҳалаўға болар еди. Пикирлеў жетиспей қалған. Себеби, «Шәрияр» тарийхый шығарма емес, ол социал-турмыс мәселелерин сөз ететуғын дәстан.

**Төртинши баянатшының сөзи:** «Шәрияр» дәстанында әдилликтиң жырланыўы ҳаққында пикир билдириледи.

Конференция сабағы барысында, мине, усы тәртипте «Шәрияр» дәстанының сюжети, образы, басқа дәстанлардан өзгешеликлери ҳәм т.б. мәселелер ҳаққында түсиниклер бериледи. Соның ушын конференция сабағында оқыўшылардың дәстанлық шығармаларды таллаў уқыбы, дөретпениң мазмунын түсиндириў шеберлиги артады. Нәтийжеде, конференция сабағында оқыўшылардың «Шәрияр» дәстанына тереңирек түсиниўге ҳәм идеялық-көркемлик бағдарына пикирлеў қәбилети раўажланады. Соның менен бирге, оқыўшылар менен өткерилген бундай конференция сабақлары, олардың илимий көзқарасларын, ой-өрисин раўажландырыўға да бағдар берип барады.

«Шәрияр» дәстанын конференция сабағы типинде өтиўдиң басқа сабақ түрлерине салыстырғанда төмендегидей үлкен артықмашлықлары бар:

1. Усы дәстанға арналған конференция сабағына оқыўшылар үлкен қызығыўшылық ҳәм жуўапкершилик пенен қатнасады;
2. Конференция сабағына таярланыў барысында оқыўшылардың излениўшилиги, илимий мийнетлерди оқыўға қызығыўшылығы артып, дәстанды таллаўға уқыбы пайда болады ҳәм артады;
3. «Шәрияр» дәстанын үйрениў ушын саат аз берилген. Усыларды есапқа алсақ, бул сабақ түри арқалы оқыўшылардың темаға түсиниги әдеўир тереңлесип барады, шығармаларды дурыс түсинип оқыўға ықласы күшейеди. Демек, конференция сабағы - бул оқыўшыларда излениўшиликти пайда етеди.

«Шәрияр» дәстанын пикирлесиў сабағы арқалы үйрениў де оқыўшылардың қызығыўшығын оятады ҳәм артырады.

«Шәрияр» дәстаны бойынша материалларды үйретиў барысында конференция яки пикирлесиў (диспут) сабақ түрлери менен оқытқан мақул. Бул пикирлесиў (диспут) сабағының мақсети, ўазыйпалары, басқышларға бөлиў усыллары, оларды баҳалаў мәселесин дәслеп пән муғаллиминң өзи белгилеп алыўы керек. Бул сабақты өткериў тәртиби ҳаққында да азы-кем тоқтап өтейик. Сабақтың қурылысы басқа сабақ түрлери сыяқлы өткериледи. Бирақ, сабақта берилген материал бойынша кеңирек пикир алысыў болады. Сонлықтан, жаңа тема басқышында ўақытты көбирек беремиз. Сабақты қураллландырыў барысында төмендеги методикалық әдебиятлардан пайдаланамыз:

1. Сабақлық

2. Илимий-методикалық мийнетлерден пайдаланыў. Ахметов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.; Юлдошев Қ., Мадаев О., Абдураззоков А. Адабиёт ўқитиш методикаси. –Тошкент, 1994.; Пахратдинов А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Нөкис: «Билим», 2004.

Көрсетпели қураллар: Альбомлар, топламлар ҳәм техникалық қураллар.

Сабақтың мақсетинде оқыўшылардың «Шәрияр» дәстаны бойынша түсиниги, пикирлери, ой-өриси ҳәм тил байлығын раўажландырыў, оқыўшыларға берилген материал бойынша тәлим-тәрбия бериў, оларда адамгершилик, Ўатанға сүйиўшилик әдеп-икрамлылық қәсийетлерди қәлиплестириў дыққатқа алынады.

Сабақтың барысында шөлкемлестириў (оқыўшылардың қатнасын, класс тазалығын анықлаў. Сабақ өтиўге мүмкиншилик жаратыў), жаңа темада «Шәрияр» дәстаны бойынша түсиник бериў, оқыўшыларға сораўлар түсиникли болыў ушын класс тахтасына жазылып қойылады. Сораўлар мына тәртипте жазылғаны мақул:

1. «Шәрияр» дәстанының қыялый ертеклерге жақын екенлигин түсиндириң;

2. Дәстанның идеялық мазмунын айтып бериң;

3. Дәстандағы диний элементлер ушыраса ма? Мысаллар келтириң;

4. Дәстандағы тийкарғы мотивлер.

Солай етип, бул сораўлар ҳәрбир оқыўшыға бериледи. Оқыўшылар сораўларға жуўап береди. Ҳәрбир оқыўшының берген жуўапларына терең дыққат аударылып, соң берген жуўапларына жуўмақ жасалып, муғаллим тәрепинен тийисли баҳалар қойылады.

Улыўмаластырып айтқанда, пикирлесиў сабағында бирнеше оқыўшылардан сорап үлгериў керек. Ҳәрбир оқыўшы тийисли пикирлерин билдирип барады. Ең жақсы жуўап берген оқыўшыларға тийисли баҳалар қойылыўы керек. Улыўма диспут сабағы оқыўшыларда үлкен тәсир қалдырады. Олардың пикирлерине қойылатуғын баҳалар рейтинг тийкарында болады. Ҳәрбир оқыўшының сораўлар бойынша пикирлери есапқа алынып, қызығыўшылығына итибар бериў тийис. Сонлықтан баҳалаў критериясын шама менен былайынша қойыў мақсетке муўапық.

Биринши оқыўшы «Шәрияр» дәстанының қыялый ертеклерге жақын екенлигин түсиндирди. Берилген сораўға қызығыўшылық пенен қатнасып, пикирлерин избе-из баянлап, стилистикалық қәтелерге жол қоймады. Сораўға тыянақлы ҳәм анық жуўап берди. Сонлықтан оған «5» баҳасы қойылды.

Екинши оқыўшы дәстандағы диний элементлер туўралы пикирлерин избе-из жеткерди. Бирақ, стилистикалық жақтан азы-кем қәтеликке жол қойды. Сораўға тыянақлы ҳәм анық жуўап берди. Оған «4» баҳасы қойылды.

Үшинши оқыўшы дәстанның идеялық мазмунын бойынша пикирлерин избе-из жеткере алды. Ол стилистикалық қәтелерге жол қойды. Оған «4» баҳасы қойылды.

Төртинши оқыўшы дәстандағы тийкарғы мотивлер туўралы пикирлерин избе-из жеткерди. Бирақ, стилистикалық жақтан азы-кем қәтеликке жол қойды. Сораўға тыянақлы ҳәм анық жуўап берди. Оған «4» баҳасы қойылды.

Жуўмақлап айтқанда, сабақ жөнелиси арқалы, оқыўшы жасларға тәлим-тәрбия бериўде халық педагогикасы, соның ишинде халық дәстанларын үйрениўдиң әҳмийети оғада үлкен. Дәстан арқалы (ондағы, идеялық, сюжетлик мазмун, образ, көркем тил ҳәм т.б. арқалы) оқыўшыларға халық турмысы бойынша мәлим түсиниклер ғана берип қоймастан, белгили дәрежеде ақыл, әдеп-икрам, эстетикалық гөззаллық ҳәм т.б. тәрбия түрлери де берилип барылады. Усы тәлим-тәрбиялық көзқарасаларды жаслардың ақылына тереңирек сиңдириўде, яғный тәлим-тәрбиялық көзқарасларды келтирип шығарыўдың нәтийжелилигин арттырыўда, алдыңғы оқытыў технологияларының, соның ишинде, оқытыўдың конференция сабағы ҳәм пикирлесиў-диспут сабағының тутқан орны айрықша болып есапланады.

## Әдебиятлар


1. Айжанова З. Әдебият сабағында И.Юсуповтың шығармаларын үйрениў. –Нөкис: «Билим», 1993, 48-б.
2. Алламбергенов К., Оразымбетов Қ., Пахратдинов Ә., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Сабақлық. –Ташкент: «Сано-стандарт», 2018.
3. Ахметов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Н.: «Қарақалпақстан», 1988.
4. Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратова Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. –Нөкис: 2009, 204-б.
5. Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. – Нөкис: «Билим», 2004, 260-б.
6. Юсупов Қ.А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Сабақлық. – Ташкент: «Сано-стандарт», 2018, 336-б.
7. Юсупов Қ.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2019, 112-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада таълим-тарбиявий натийжалиликни ривожлантиришта олдинги инновацион технологияларнинг тутган ўрни ҳақида методик тавсиялар, маслаҳатлар ҳақида кенг фикр билдирилади. Шунингдек, «Шарияр» сингари халқ дастанлари орқали ёшларга билим ва тарбия беришда олдинги ўқитиш технологиялар бўлган конференция ва диспут дарсларнинг фойдали самараси ишончли мисоллар билан далилланган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье даётся широкий обзор методических рекомендаций, советов о роли передовых инновационных технологий в повышении эффективности образования. Таким образом, полезность конференций и диспутов, являющихся передовыми технологиями обучения в просвещении и просвещении молодёжи посредством народных сказок, таких как «Шарияр», подтверждается убедительными примерами.

**SUMMARY**

The given article deals with innovative technologies more over advantage of using interactive methods at the lessons. The author presents using interactive methods in teaching literature with materials and topic "Shariyar" dastan, «such as» «corners» method, IREC technology.